

ANTOLOGI GEGURITAN

# Anggara Kasih #4



TAMAN BUDAYA JAWA TENGAH

ANTOLOGI GEGURITAN

*Anggara Kasih* #4

TAMAN BUDAYA JAWA TENGAH





**TANGGAP WACANA**  
**KEPALA TAMAN BUDAYA JAWA TENGAH**

Sumina, SIP. MH

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

Salam Budaya !!!!

Kanthi nyebat Asmaning Dzat Inggang Maha Suci saha sinar-tan pangalembana miwah panuwun syukur kunjuk hing ngarsaning Kang Murbeng Dumadi, keparengna kula, jejer minangka Kepala Taman Budaya Jawa Tengah kepareng matur gegayutan kaliyan tuma-paking Tatacara Geguritan Anggara Kasih #4, kaleksanan ing dinten Senin Wage, 9 Maret 2020.

Kabudayan mujudaken woh pangolahing budi inggang mbabar kaendahan saha kautaman kanyatan wiyar tebanipun, kadi dene wreksa gung inggang kathah pang- pangipun. Salah setunggal pang- ing kabudayan jawi inggih menika seni kasusastran. "GEGURITAN" inggang mujudaken peranganing seni kasusastran jawi, kasunya-tanipun tasih pikantuk kawigatosan dening para sutresna budaya, mliginipun ing wewengkon Jawi Tengah.

Taman Budaya Jawa Tengah inggang mujudaken lembaga Struktural saha kultural nggadahi jejibahan saha kewajiban par- ing panyengkuyung saha sarana murih Seni Geguritan tetep saged lestari lan ngrembaka saha saged narik kawigatosanipun para gen- erasi mudha minangka tunas – tunas budaya.

Pangajab saha gegayuhan kalawau saged kasembadan kanthi pambudidaya sesarengan ing antawisipun Taman Budaya Jawa Tengah kaliyan para sutresna budaya saha sawenehing pihak ingkang tasih lan tetep nggadhahi raos peduli dhateng kabudayan jawi, mliginipun Seni Geguritan.

Atur panuwun ingkang tanpa pepindhan katur dumateng sakathahing pihak ingkang sampun paring panyengkuyung sarta pambiyantu ingkang arupi menapa kemawon satemah Tatacara Geguritan Anggara Kasih #4 ing kalodhangan menika saged kaleksanan kanthi prayogi.

Pepunthoning atur, mugi tansah rahayu kang tinemu, sembada ingkang sinedya ... tetep lestari lan ngrembaka GEGURITAN :

GE – gambaran, pasemon, pranyatan, pangalembana apadene panyaruwe,

Rineka rinumpaka ing ukara sinerat ing tulis, runtut tumata basa kang bisa rinasa,

GU - molonging sedya antebing tekad budidaya mrih lumastari seni Geguritan panging budaya jawi,

RI -nakit, rinonce, pinantes pinatut runtut rerangkening basa lan ukara dadya sarana nglairake krenteg lan uneg-uneg, mbabar pitungkas lan piweling.

TAN - kendhat tan kempa, mad-sinamadan, sangkul sinangkul, bantu binantu amung sawiji kang kaesthi ... GEGURITAN LUMASTARI

.....

RAHAYU.

# RACIKAN

Kaca Gurit .....	i
Tanggap Wacana Kepala Taman Budaya Jawa Tengah.....	iii
Racikan .....	v
1. <b>Bambang A.ER.T</b> .....	1
Jaman Petruk Dadi Petrik .....	2
Layang Wirid Asmoronala .....	3
Nggendhong Lali .....	4
2. <b>Bambang Hermanto</b> .....	5
Aja Ngrangkul Rembulan .....	5
Padhang Cecoluk Obor.....	6
Yen Aku Oleh Kandha.....	7
3. <b>Bintang Kalijaga</b> .....	9
Nglethis .....	18
Lumunturing Aksama.....	18
Wangsulanku .....	19
4. <b>Biyung Amie</b> .....	21
Kapang Mring Pra Mitra.....	22
Narimo .....	22
Pemut .....	23
Piye Ta Iki .....	24
Ngupadi Tentrem Sejati .....	25
5. <b>Cindhe Laras</b> .....	27
Simbok .....	28
Yen Getihmu Isih Mili Abang.....	30
Tikus Tikus Pithi Kuwi.....	31
6. <b>Dedek Witranto (DekTo)</b> .....	33
Mbidhung Api Rowang.....	34

Inthuk Inthuk .....	35
Cakrukan .....	36
Desa Kutha .....	37
Sepuh .....	40
Sanja .....	41
Rikalane Kudu Sabar .....	42
Udan Gedhe .....	43
Golek Akik .....	44
Adus .....	45
<b>7. Dyah S</b> .....	<b>47</b>
Candhik Pungkasan .....	48
Sindhung Prahara .....	49
Ngawiyat Biru .....	50
Srengenge Wus Sumendhe Tawang .....	50
Kembang Turi .....	51
Kluwung .....	52
Keduwung .....	53
<b>8. Gandrung Sukowati</b> .....	<b>55</b>
Pamit Lan Janjimu .....	56
Panyuwunku .....	57
Wis Wancine Lingsir .....	57
Lakon Kapupus .....	58
Haywa Sesumbar .....	59
Sarwa Semu .....	61
<b>9. Pine Wiyatno</b> .....	<b>63</b>
Ayo Mulih .....	64
Warisan .....	66
Pendhapa Serambi Sukowati .....	67
<b>10. Rudyaso Febriadhi</b> .....	<b>69</b>
Menyang Endi Meneh? .....	69
<b>11. Sahid Teguh Widodo</b> .....	<b>71</b>
Aku, Jawa .....	72

<b>12. Sumina.....</b>	<b>75</b>
Gurit Kasunyatan .....	76
Gurit Sapu Gerang .....	77
Gurit Kabudayan .....	78
<b>13. Sonjaya Hartono.....</b>	<b>79</b>
Miyaki Dalam Langit.....	80
Pelog Apa Slendro = Blero.....	81
Impene Lik Paimo Lan Yu Ginah 2014 .....	82
Gurit Bocah .....	83
Layang Swara .....	84
Demang Togog .....	86
<b>14. Srining.....</b>	<b>87</b>
Dudu Bandhamu .....	87
Sepi .....	89
Layung.....	90
Pesthi .....	92
Cancut Tali Wanda .....	93
<b>15. Supri Cantrik Ndesa.....</b>	<b>95</b>
Jatimulya.....	96
Samodra Minang Kalbu.....	97
Tan Hana Darma Mangrowa .....	98
Sumeleh Ing Rasa.....	99
Pustaka Wijaya.....	100
Luru Upa .....	101
<b>16. Udiarti.....</b>	<b>103</b>
Sakndhuwure Wuwungan Omahmu .....	103







### ***BAMBANG A ER TE***

Asma jangkepipun Bambang Agustiningrat Estu Roh Tulus.

Lair ing Solo 20 Oktober 1961.

Nate ngasta Kepala Operasional Satpol PP Surakarta, Kepala Sekretariat Penyidik PPNS lan pungkasan Kepala UPT Museum Keris Nusantara lan Museum Radya Pustaka Kota Surakarta.

Wiwit tasih SMA tansah ngudi ing olah kridhaning Budaya mliginipun Seni Teater lan Sastra.

Pinunjul ing babagan maos puisi.

Seratan karya sastranipun arupi Cerpen, Puisi, Geguritan sampun nate kapacak ing Solopos, Sinar Harapan, Hai lsp.

## **JAMAN PETRUK DADI PETRIK**

*Dening: BAMBANG A.ER.T*

Kahanan owah gingsir

Petruk dadi Petrik

Ngowahi lakune anasir akeh wong dadi kenthir

Kagulung poncodriyo donya elektrik

Blumbange sasar suur dadi tanpa wates.

Kahanan pancen bisa owah

Bisa luput saka karep panjangkau lan panggayuh

Kosokbaline ana kang benere bener

Saklawase kudu tansah eling

:Eling lamun poncodriyo kuwi anjlomprongake

Eling lamun budi pakertikuwi tansah owah gingsir

Eling lamun angen-angen kuwi kereb anyidrani.

Zaman Petruk dadi petrik

Waton gelemmulung

Ganepe kudu tansah eling

Bakal ora kanyana nemu banyu urip mahanani wening.

*Solo.*

## **LAYANG WIRID ASMORONALA**

*Dening: Bambang A.ER.T*

*:Kagem, Resa Sri Effendi.*

Langit Katon abang  
Siro tak cedaki amarga aku ngerti  
Kowe ringkih ana sakjerone panti.

Mungguh, dununge mangkene  
Anata malike ana sajroning bait Al mukadas  
Iku omah enggoning pasucen  
Jumeneng ana ing Kontole Adam.

*Jogya, Mallboro. febuari 2020.*

## **NGGENDONG LALI**

*Dening: Bambang A.ER.T*

Mumpung kelingan aku tak kanda:  
Aku lan kowe isih nggendong lali  
Kepencut senenge raga nganti kepatipati

Mumpung kelingan aku tak kanda:  
Umure awake dewe apa isih dawa?  
Awake dewe ora ngerti yen wis dienteni.

Mumpung kelingan aku tak kanda:  
Uni kang landep ditaleni  
Suci jero resik jaba , ngupaya urip mahanani.

*Jogya, Stasiun Tugu.febuari 2020.*





### ***BAMBANG HERMANTO***

Karanganyar, 13 September 1962

Alamat: Larangan, 2/3 Gayam, Sukoharjo

### **AJA NGRANGKUL REMBULAN**

*Dening: Bambang Hermanto*

Nimas wong ayu aja pengin ngrangkul rembulan.

Rembulan kuwi ana sing duwe wong ayu duweke joko umbaran.

Ing jaba obor mobat mabit katiyup angin aku lan sliramu.

Ing wengi iki nyambung katresnan nyuntake rasa kangen.

Nimas wong ayu sigaring nyawa ingsun nganti kapan wae aku setyo tuhu marang sliramu wong ayu.

## **PADHANG CECOLOK OBOR**

*Dening : B Hermanto*

Ana tandha wingit  
mendhung sinaput ampak-ampak  
ana ula koros,  
baunge asu ajag, unine bajang kerek,  
cat ilan cat keprungu

crita kawuri  
ana tikus clurut  
ngglandhang carang  
kena ngapa wong cilik kudu dadi tumbal?  
padha kanca dadi aniaya  
kojahe nayaka angel pinercaya  
kابه dadi sumebar, kaya ambyare lintang kemukus  
sasat datan beda anane prabancana,  
lindu prahara, ngrajame ghora gurnita,  
ing bumi pasawatan

iki dudu tembang jaragan,  
apa maneh gurit lancang  
Gusti kang maha nasa,  
mugi PADUKA paring pepadhang.

*(Sukoharjo)*

## **YEN AKU OLEH KANDHA**

*Dening: Bambang Hermanto*

Gurit kuwi isih kumandhang  
antarane beksa sarta krenteg  
kaya ombake lun ing gegere segara  
kaya sumilire angin ing padesan  
kaya tratapan nalika diweling  
kaya prasetyaku marang janji  
kaya esem kang karantu  
dudu lamising ukara marang pacelathon

ah,

gurit kuwi  
dadi tamba ati  
ing salurunge wengi lan rina  
ing sajembare kabgyan lan sapletiking panandhang  
ing panyapa ghora sarta tidhem  
ing pakeliran angin kang sinungging  
gurit kuwi  
yen aku oleh kandha..!  
Episode: kula kapang nyerat orek-orekan, amargi tebih  
saking pantes yen pun wastani gurit.

*Kawaos kolaborasi kaliyan tari, musik inf CFD Sukoharjo,  
minggu 24 january '16*







### ***BINTANG KALIJAGA***

Asma aslinipun Suroto

Inggang dipun dalemi ing Ds. Pamongan Rt. 10 Rw. 02 Kec.  
Guntur Demak Jawa Tengah 59565

Makarya ing Fashion Stylist Art Visual Mrrchandising.  
Awit raos tresna lan ngudi ing kabudayan jawa mliginipun  
sastra jawa geguritan.

Seratanipun kathah inggang kailhami bab kawontenan  
inggang lumampah.

Pramila kanti niat nekat ngendikanipun mekaten :

“Agunging aksama Bapa, mboten wonten inggang saged kula  
aturaken bab kangge profil. Gurit ugi namung ajar nekad.

Namung nate sesarengan damel Antologi geguritsn ing  
Pagayuban Ajar Gurit”

**Sumangga...**

## **NGLETHIS**

*Dening: Bintang Kalijaga*

Nadyanta guris tetembungan lamis  
Bali dakpacak saprunggel gurit  
Pambabaring nala kang kajiwit

Ndara..

Nora kudu nggégémangsa  
Kasuwur tanpa rekadaya  
Lena ngekep dawane karep  
Ndhadhani kalah ing sisiping polah

Ndara...

Apa bali wurung...??  
Ngluru wiramane kidung  
Sajroning jurang cerung  
Nglethis sairis

*Dmk Bk 130815*

## **LUMUNTURING AKSAMA**

*Dening: Bintang Kalijaga*

Apa mesthi Dakaturake..  
Karasa bengkah telenging dhadha  
Racikan aksara donga kagadhang  
Ambyar...  
Kaglandhang takbir tahmid kang ngumandhang

Parandene...

Tumètèsing waspa mahanani sengkeling nala  
Njèrèng kandeke dedosa kaliwati

Kanjeng Ibu...

Ing dlamakan suku Ndika  
Kacadhong lumunturing aksama  
Ohh..Rama..  
Satengahing japa Ndika  
Dakranggèh donga sembada  
Kabuka korining bagyamulya

Nganti puputing pepesthi  
Mugya tan lirwa ngabekti  
Gusti hamberkahi

*Dmk 170715*

## **WANGSULANKU**

*Dening : Bintang Kalijaga*

Dakambali wangsulanku Yayi  
Genah yenta gurit kae kanggo Sliramu  
Semono uga tembang Dhandhanggula  
Gurisan tembung-tembung donga  
Rinacik dadya mantra sembada  
;sapadha

Apa kliwat kosetitekna Yayi  
Sapungkure deres udan wingi sore  
Dakgurit maneh batanganku  
Upama geseh saka skabeng cangkriman  
Larungen ing gumulunge ombak pasisir Bandengan

Sawuse kuwi  
Bali dakjangkahi teles wedhi  
Gisik samudra Jepara  
Ilang tipak-tipak datan ketara

*Guntur 21.9.2016*



### ***BIYUNG AMIE***

Sri Ambar Susilowati, ing kalangan geguritan akrab kanti asma Amie Williams / Biyung Amie.

Ingkang dipun dalemi ing Bawen Ambarawa Kabupaten Semarang.

Kathah hanganggit geguritan lan sekar tembang macapat lsp. Kempalan geguritanipun GEDHONG SANGA sampun katerbitaken penerbit GEMA MEDIA Jawa Tengah.

Ngantos dumugi samenika tasih tansah ngudi ing babagan sastra jawi.

## **KAPANG MRING PRA MITRA**

*Dening : Biyung Amie W*

Aburku mider ing ratmaya  
Nulya jumujug ing pendhapa Gupala  
Kétang rasa kapang myang pra mitra  
Wus dangu nora panggya  
Kapiadreng rasa kepéngin imbalwacana  
Samya séba gojèg sembrana parikena  
Ah ... saiba bagya bisa sapejagong suka parisuka  
Nyuntak kapang silih mbagé pawarta  
Guyub rukun kadya rikala semana  
Mapan ing Taman Budaya Surakarta  
Hemm ... nadyan saiki wus ganti warsa lan ganti warna  
Nanging tulusing rasa keket tinali pinongka tuhu jatining  
mitra  
Mugya tansah lestari ngrembaka kongsi puputing yuswa  
*(TPK, daluadi 020413)*

## **NARIMA**

*Dening : Biyung Amie W*

Aku satuhu legawa jroning ati  
Sawusé mangretèni kanyatan kang ora manis  
Yektiné atiku wus kéndhang binarung jumedhoré mimis  
Yekti Sliramu ta kang miwiti sarta mungkasi

Nadyanta driya rinasa kairis-iris  
Dakampet wetuning luh aywa kongsi nangis  
Nglenggana kabèh kanyatan pancèn wus ginaris  
Mula sagung lelakon daktampa klawan aris

Swiwi bakal dakkébaraké dhuwur ngunggahi méga  
Sapa ngreti ing kana dumunung papan pamuja  
Sun arsa megeng hardha minangka amaratapa  
Ngening cipta, pancadriya mrih kinasih ing Hyang  
Suksma

*(Tpk, wayah ésuk 060413)*

## **PEMUT**

*Dening : Biyung Amie W*

Jeng,  
Sumenekna penggalihmu ing jembare rasa darana  
Aywa kongsi kentir ing ilining bena bang ludira  
Nepi ing gisik dolanan othak-athik mathuke sanepa  
Denwolak-walik kanthi waskitha werdi kang sanyata  
Waspadakna, piji endi kang becik lan endi kang ala  
Nulya gage gumregah sigra nuruta ilining tirta amerta

*(TPK, wanci enjing 130413)*



## **PIYÉ TA IKI ?**

*Dening : Biyung Amie W*

Angluh nutuh mung njalari kesuh  
Midera uga nora bakal kapangguh  
Sesambat, nora bakal ana kang sapa aruh  
Pangangen pating sranthil wus nora wutuh  
Panjangka lan rasa tidha-tidha worsuh

Cahyané wulan kasaput mega surem  
Kelipé lintang katon sangsaya merem  
Mrabawani tatu iki krasa njarem  
Ana lancip landheping dom kang tumanjem  
Njalari tatu sangsaya katon biru èrem

Dènlali-lali bali ngranuhi  
Dibuwang adoh, bali nututi  
Dipekak jebul budi ngamplok nèng mburi  
Whoalaaah...jan-jané piyé ta iki?  
Ah embuh kono, aku wis ora kuwawa ngadhepi.

*(Tepiswiring persil kopi, wayah ésuik 070513)*

## **NGUPADI TENTREM SEJATI**

*Dening : Biyung Amie W*

Ing endi dununge teken dimen tekanku  
Dakgagapi ulegan jantrane urip  
Manekarupa mijile ngongas angkara  
Nyembur dahana siyaga amangsa  
Kadi patrape nagaraja myarsi pradule kang garwa

Ing endi dununge tentrem sejati  
Meneb eninge batin wus kaesthi  
Bumbu lila lamun hanampi pesthi  
Suka kataman kagol perihing ati  
Sabar darana wilangan warsi

Saben-saben nyawang pethiting ari  
Kedhungangan anggonku nututi  
Lumaris pindha lonjong mimis  
Tan karasa ndungkap wahya pungkasing dhiri  
Muga bisa panggya kang denupadi  
Heneng hening eling tentrem sejati

*#lukitapanglipurdriya*

*Tepiswiring persil kopi, esuk 200719*





### ***CINDHE LARAS***

Lahir ing Tulungagung Jawa Timur 19 Maret 1968. Sawetara geguritane kapacak ing Majalah Jayabaya lan Panyebar Semangat. Uga kahimpun ing antologi Geguritan “Gurit Sabrang” 2013, “Pagupon 3 “ 2013, “ Simbok” 2015, “Sor Bumi Sor Kukusan” 2016.

Aktif nulis Geguritan lan Bothejan Pitutur Jawa ing Face Book lan media sosial liyane, karana bisa luwih murah lan gampang interaksi karo para mudha kanggo ngenalake geguritan lan nilai-nilai kearifan lokal.

Dedunung ing RT 01 RW 02 Desa Sembon Kec. Karangrejo Kab. Tulungagung Jawa Timur..

Email [larascibde88@yahoo.co.id](mailto:larascibde88@yahoo.co.id) HP 085648661092.

## **SIMBOK**

*Dening: Cindelas*

Simbok

lumakune wektu

dadi cathetan kang nyata

yen tresnamu luwih dawa tinimbang marga

lan pangrengkuhmu luwih amba katandhing segara

kamangka

aku bisa menehi apa

getunku tan kaya ngapa

panjenengan budhal sowan pangeran

nalikane aku durung paja-paja bisa nyaur banyu susumu

kamangka

genderaku lagi wae dak kerek

durung paja-paja kumlebat ing awiyat

kaya dongamu

kang saben-saben kok rapal tanpa kendhat

Simbok

isih nabet pulunge ati

kok ranti tekaku nganti wengi ing pinggir dalam

nalika baliku kasep kesandhung alangan

saben wong kok takoni

gupuh lan luh dadi siji

nalika ketemu, aku kok kekep njur kok arasi

dak suwun pangapuramu  
yen akeh impen kang kelalen  
pengarep-arep kang kesrimpet  
gegayuhan kang kalendran  
uga panjangka kang cinidra  
ombake panguripan asring gawe kalepyan  
mring sejatine dununge kuwajiban

Simbok

muga Panjenengan pinanggih dalam lempeng lan  
padhang  
kaya lempenge atimu nalika ing wengi-wengi dawa  
kaya padhange tekadmu ing gronjalaning wektu  
ngopeni lan nggedhekake aku  
tanpa pangresula  
tanpa sambat

Simbok,.....

sugeng tindak

*Tulungagung Juli 2013*

## **YEN GETIHMU ISIH MILI ABANG**

(kanggo Sri Yuli Pawestri)

*Dening: Cinde Laras*

kaya bledheg ing tengah ketiga  
kabar iku ngebaki atiku  
sliramu kang dadi gendera  
pedhot kleyangan kesaput angin ketiga  
mitra,  
apa lali jejer gendera ing tawang akeh kang nyawang  
minangka paraning panggadhang  
Dak getunana apa gunane  
nyatane sliramu sajak ngece  
ngedan jejogedan ngudang panasing jaman  
dak emana apa bedane  
sapletik geni kang kok sumet  
wis ngobong suket-suket garing  
kang thukul ing ati kang wis suwi kasatan rasa sih  
kasempyok kahanan, kesingkur sejarah, kesrimpung  
blang plontheng bintulu  
menyang ngendi lungane jangget tinatelon kang biyen  
cinencang rosa ing atimu  
yagene rasa eling lan awas rantas tandhas tanpa tilas  
mitra aja terus kegiwang playune ayang ayang  
yen getihmu isih mili abang  
aja mamang,...  
ayo wiwit tumandang  
nglari dalan padhang kang suwe ilang

*Tulungagung 1 Juni 2012*

## **TIKUS TIKUS PITHI KUWI**

*Dening : Cindhe laras*

Tikus tikus pithi kuwi ora duwe wedi  
saiki tansaya ndadi  
sawangen  
ora mung jagung lan pari  
jlurung lan watu dikririti  
Semen las aspal diuntal

Tikus tikus pithi kuwi  
saiki tansaya sekti  
wetenge kang mung sak tekem  
ora kuwawa ngadhahi watesing marem  
ajine jurang grawah  
watu,...kali , gunung lan sawah  
mlebu wadhah nora ana kang kutah

tikus-tikus pithi kuwi  
disanak ngeplak  
disandhing nempiling  
nanging sing waspada  
klambine werna-werna  
pinter memba kanca salin rupa  
adol panjangka  
sing sapa lena  
tan mangga puliha

*(Tulungagung , 2014)*







***DEDEK WITRANTO (Dek TO)***

Lahir ing Surakarta 13 Nopember 1958

Penulis Puisi Geguritan Naskah Teater.

Penyair. Penggurit, Narator, Aktor lan Sutradara, ugi  
Motivator.

Laku budaya ing jagating kesenian dados lampahing  
bebrayan ngantos samenika.

## **MBIDHUNG API ROWANG**

*Dening : Dedek Witranto*

Sing arep dirusuhi apa  
Ing kene apa-apa ana  
Mung ora bisa nata sing ana  
Mulane akeh bubuk oleh leng  
Busuk ketekuk, pinter keblinger

Ana ngendi papan mesti ana  
Sikut sikutan  
Emprit abuntut bedhug  
Endhas gundhul dikepeti  
Endhas pethak ketiban empyak  
Akeh kang pada nrajang wewalere dhewe  
Gajah ngidak rapah

Rungakna  
Kakehan gludhug kurang udan  
Kendel ngringkel, dhadhag ora godak  
Isine mung wong maido  
Ora gelem cawe-cawe  
Keplok ora tombok

Waspada iku pancen kudu  
Sabar sareh mesti bakal pikoleh  
Aja nganti gampang kapilut  
Rampek-rampek kethek  
Rebut balung tanpa isi  
Sing mbebayani tumrapping bebrayan  
Hambidhung api rowang  
Tunggale nulung nanging menthung.  
Waspadaa.... waspadaa.... waspadaa !

*(Kediri, 692016)*

## **INTHUK INTHUK**

*Dening : DekTO*

Inthuk inthuk malem weton dak jaluk sega sakepel  
gawenen tumpeng cilik cublesana brambang lombok  
abang,

Kuwi balung sungsum suksma raga daya jawa pikir rasa  
Golong gilig manther asung syukur mring rahmatullah  
ngesti tunggal,

Aja was was sumelang ana tigan wijining jagatmu  
Samodra sekar wangi setaman banyu anggamu  
Datan bisa kawujud yen ora saka sih welasing Allah

Gawanen mreng bakal dak bagekake mring tunggal  
garba

Dak kebuk bumi kaping telu aja lali banyu lemah lan  
kayu

Sandang pangan papan njaba njero kecukup datan  
cewet....

Teka resik mulih resik

Malem weton njamas jiwa saben selapan limang gatra  
saben wektu

*(Kediri, Kamispahingapril2013)*

## CAKRUKAN

*Dening : DekTO*

Jepang mati ketepang  
Inggris mati kelinggis  
Landa mati kebanda  
Unen unen jaman mbiyen  
Nalika jaman rekasa  
Dijajah negara manca  
Sega gaplek  
Kathok goni  
Ana nipon kate mrewasa prawan desa  
Ana noni bule mrewasa jaka desa  
Adus lenga jarak  
Kuli kontrak  
Romusa  
Rodi  
Gawe dalam mbedhah alas roban  
Urip kaya ing pucuking eri  
Nyawang bulan ngadhang tibane jaman menang  
Kuwi mbiyen  
Saiki beda kahanane  
Arep apa wae kelakon  
Numpak montor jepang cukup utang  
Ana noni manca teka, para jaka padha rayahan asok  
kebecikan pada ngeterake mrana mrene  
Prawan desa wis diwadhahi pabrik  
Pamrihe melu mukti  
Dulangmas  
Joglosemar  
Sobowonosraten

Mampir yuk mampir  
Gondhal gandhul saotone  
Bercok bar miber terus mencok  
Kuwi mbiyen  
Nalika ngapalake pupuh kalatidha jaman edan  
Sabèn jaman jebul edan  
Sabèn jaman jebul kudu eling waspada  
Kuwi mbiyen  
Mbuh saiki ?  
*(Doho,13416)*

## **DESA KUTHA**

*Dening : Dedek Witranto*

Sabèn wayah esuk umun umun  
Mbakar tela pohung  
Pedhut kandhel adhem seger nyruput teh ginasthel  
Adoh ratu cedhak watu  
Kutha sala payung muntha  
Alun alun ringin kembar  
Tindak negari mundhut sinjang  
Tokone bawah sawo bathike kresna  
Ngiras es kopyor restoran singosaren  
Ngematake kethoprak srikaton  
Impen samben panen  
Kaya priyayi nitih andhong  
Montore persun nganggur

Tirtonadi kabendung  
Kanggo pariwisata toya  
Rame anggone ngirit anak putu  
Desa mawa cara  
Kutha mawa rega  
Desane kalung pedhut  
Kuthane kalung lampu  
Jopa japu tai ngasu  
Tekan karepmu ora karepmu  
Duwene mung lemah titipane Gusti Allah  
Rumangsa bisa nukoni sawah  
Nandur pipa pabrik  
Banyu munthuk mambu bathang

Desa kutha segara gunung alas  
Lakuning wektu nyengkut  
Owah owahan ora rinasa  
Kutha dadi alas  
Alas dadi segara  
Gunung dadi desa  
Ana ratu ana watu  
Pada melu ngulu  
Ndherek mukti wedi mati  
Mati pangane  
Mati rasane  
Mati pikirane  
Mati budi pekertine  
Desa mayit  
Kutha kuburan  
Mati sajroning urip

Urip ora arep ora urup  
Buntet  
Gadhuk  
Buntu  
Desa lunga lara  
Kutha tamba teka  
Jopa japu  
Utange mbahmu  
Kamuktenmu wis diemping leluhurmu  
Uripmu pripihen dhewe

Desa Sala  
Kuntha winangun  
Kelangan alun alun  
Mangga tindak negari  
Ameng ameng tindak ndusun  
Mugi tansah rahayu ing sesami  
Sageta lestantun sak turunipun.

*(wonoasri,14416)*



## SEPUH

*Dening : Dedek Witranto*

Ramene kaya pasar kobong  
Nggrayang pega kumendheng  
Nempukake lakuning angin  
Tlutuh nangka entuk entukane  
Ketuwan ing wit bosok pungkasane  
Sepuhmu nyepuh sasmita

Nyabrang kali gondhelan tali  
Taline saka oyot waringin  
Nungsang jempalik ragamu  
Rambatan nyaur wektu kang kaliwat  
Sepuhmu ngaya sulaya

Nyampar krikil ngarep lawang  
Latarmu njembrung nyepeti mata  
Udane wis terang mangsane ketiga  
Panase wis eyup meksa ora sranta  
Sepuhmu sepah tinuladha

Jejering sepuh ampuh ing pituduh  
Lerem seleh menep ing pikir rasa laku  
Sepuh ing panemu budi ing ngilmu  
Sepuh dudu pamer kawruh ndhangak ing pakewuh  
Sepuhmu asung pangastuti rahayu ing sasami

*(kuthawengi,5juni2012)*

## **SANJA**

*Dening : Dedek Witranto*

Sanja sanjang sedulur  
Tabuh bedhug wancine luhur  
Padha aweh lelipur  
Punjul separo umur  
Ngucap syukur isih sempulur  
Ngraketake rasa welinge leluhur

Ngombe banyu pengging  
Isih tedhak turun sinandhing  
Tiba dina pasaran pahing  
Ugemana ukir kang sinungging  
Andhong si kusir ora pangling

Desa sinaga cabeyan banyudana  
Sawangen sing katon lan ana  
Owah owahan wengi lan rina  
Sinau maca jroning atinira  
Kudu bisa nata jiwa hanglenggana

Iki dina becik kanggo resesik  
Wis arang nyumurupi pitik lurik  
Jatahe klepon jadah wajik  
Kanggo pepeling tansaha nandur winih kang becik

Sapa nandur bakal ngundhuh  
Iku nyata laku pikir rasa kang jumbuh  
Pusakaning jiwa kang ampuh  
Aja lali ujure para sepuh  
Sanja bisa kanggo tukar kaweruh  
Bakal ndayani marang apa kang ginayuh

*(Pahing,23316)*

## **RIKALANE KUDU SABAR**

*Dening : Dedek Witranto*

Kaya godhong randhu tumiyup angin  
Datan kuwawa nggondheli kapuk rontok  
Ujare bakal angon wayah tumekaning wanci  
Lunga menyang ngendi bakal bali nggoleki

Nggenteni angsluping srengenge ora betah panase  
Ati siniram kanepson ora sranta tibaning kuciwa  
Sore nemu getun adheming swasana  
Ucap kebacut nguntapake cubriya  
Ilang kelangan lacak

Rikalane kudu sabar  
Mbabar lelakon dununging laku  
Nyrantekake tengahing lakuning lakon  
Kayon miring jumedhuling gara gara  
Ing kono dadi mbat-mbataning rasa

Rikalane kudu sabar  
*(kediri, 2122015)*

## UDAN GEDHE

*Dening : Dedek Witranto*

Barat lesus campur udan bledhek clerat cleret pating  
jledher

Ora kuwawa ngeyupake rasa kangen omah lan desa

Ing ara ara tumiba cloroting candhikala mecah deresing  
udan

Manungsa isih pada lara malah saiki saya lara awit  
pancen kudu lara

Lararaga laramaya larapikir lararasa larailmu laralaku

Udane isih gedhe ora ngerti kapan sudane

Pada ngetung enteking tanggal ing wulan iki

Pada pingin dadi seksi pandhange rembulan kapisanan

Ngenteni babaring lelakon banjaran mangsa rendheng

Akeh owah owahan kang ora rinasa

Angin dadi mega

Banyu dadi geni

Watu dadi sega

Kutha dadi alas

Segara nyawiji marang gunung

Udane isih gedhe aja kesusu mulih

Sapa ngenteni sapa ora ana sing weruh

Sing cetha ngenteni jeboling tanggul

Sing cetha ngenteni jugruging gunung

Sing cetha ngenteni pecahing bumi

Mbabar lelakon anyar

Muliha....

Mulihake rasa pikir laku

Kang seprana seprene dolan datan keluri

Muliha...

Mulihake apa rinasa ora tinata

Muliha...

*(Solowisma,100220)*

## **GOLEK AKIK**

*Dening : Dedek Witranto*

Ngliling saben brongkalan kang tinemu

Nithik saben watu kang sinawang melok

Watu apa dudu bisa dinulu

Ngasah ati hangreka rasa

Merah delima kecubung sepah panca warna

Golekane para rineksa dadi sesotya

Emban kinarya bumining sela

Barang maya lan kasat mata

Ora angel diluru sedyaning laku

Akikmu dak embani atiku

Kangenmu dak embani katresnanku

Jamrut giok biru safir ati ayam

Tapak jalak puser bumi tunjung derajat

Aja kalepyan ramening jagat

Watu dadi banyu  
Godhong dadi geni  
Embanana Akikmu  
Kanti tulusing eling lan prayitna

Golekana akike Nabi Soleman  
Kencananing ati  
Mutiaraning wisma  
Tentremining nagara

*(solo,100220)*

## **A D U S**

*Dening : Dedek Witranto*

Nggenteni cemengklung kembang bayem mentelung  
Pitung gebyuran pitung siwur  
Saka umbul sapta tirta  
Banyu Urus urus kareben gampang urusane  
Banyu Londo rasa degan kareben larut wisaning jiwa  
Banyu Anget mawa lirang kareben resik reregeting raga  
Banyu Mati kareben mati sukertaning diri lan niat pikir  
rasa kang ora becik  
Banyu Urip kareben urip angga jiwa kang nglokro dadi  
greget gumregah nerusake sedyaning gegayuhan  
Banyu Kasekten dadya tolak bala kareben slamet jiwa  
raga

Banyu Kamulyan mungkasi adus kareben resik njaba  
njero manggiha kamulyan

Enggal mentasa aku ngenteni ing pendhapa  
Luluran rempah cendhana arum sinambi kungkum  
Janji tiba janji pucuking cemara dadi tengara  
Udan riwis isih adus seger adem ayam  
Aja kesuwen  
Wancine selak bedhug

*(saptatirta,312015)*



***DYAH S***

Kasebat nate kuliah ing pawiyatan luhur IKIP Karangmalang  
Yogjakarta.

Asal saking Malang Jawa Timur, samenika mapan ing Kota  
Bumi Lampung.

Sampun kathah hanganggit geguritan.

Sinebut Ratu Gurit ing pakempalan Gurit Sabrang.



## **CANDHIK PUNGKASAN**

*Dening : Dyah S*

pantog jangkah kandheg ing kene  
candhik mbranang ing pandulu  
aja tumenga nimas, surupe wus sumendhe  
perih ning ati ngecul tanganmu

trenyuh pepisah abot nggoceki  
mamring rasa kasendhal mayang  
gapuk ngregem tan kuwawa nampi  
lungamu ing tlatah sabrang  
aja keguh jumangkah laku  
bacuta mlumpat ing protelon  
den lajer liring sarta gumuyu  
wis pungkas wektu kanggo sakloron

rangu andulu dalam sisihan  
kareb nggregel tansah mangro  
kebak pitakon ing angenan  
apa isih ana esem kae sakmengko...?

*(Kotabumi, 22 april 2015)*

## **SINDHUNG PRAHARA**

*Dening : Dyah S*

apa mung arep sesenthiran lenga patra  
mukti wibawa lenggah babut kencana  
rembug gayeng bawarasa klawan kaki guru lan narada  
isuk lan sore medhar sabda

ya gustiku, ya sesembahanku  
dudu perkara landhepe kuntawijaya  
apa ampuhe pedhang sokayana  
kawulamu kae wus wareg tembung nggladrah  
apa wayang-wayang rucah isih arep wae kok prentah

apa ora isin noleh mburi  
janji-janji wus kaukir dadi prasasti  
kawulamu kang urip pinggir kali  
impene pijer ilang kenyut keli  
ngelinga  
yen ana songsong tunggul naga  
megar wayah candhikala  
lan jamus kalimasada kelangan aksara  
iku pratandha kursi sejati wus malik dadi  
siyunge banaspati

(sadalan-dalan aku weruh dhewe impene kawula den  
udal-udal

kececeran turut lurung turut tegalan, swarane  
tumangsang ngebaki ayang-ayang).

*(Kotabumi, 28 maret 2015)*

## **NGAWIYAT BIRU**

*Dening : Dyah S*

lam-lamen sarimbit nyawang purnama  
ing kana biyen cetha mboksungging  
mekroke kembang nlegani gantha  
njlarit kluwung angganda ngliling

tempuk liring ketawang manis  
keket dak regem drijimu geter  
angemu madu tapising riris  
ati anratap kumesar ajer  
makaping sasi mangsa lumiwat  
crita jumangkah mung mandheg mangu  
nebet kangen esem ngujiwat  
kobar impen ngawiyat biru

*(Kotabumi, 16 april 2015)*

## **SRENGENGE WUS SUMENDHE TAWANG**

*Dening : Dyah S*

(nalika angin wit sumilir, ya gene kowe ndadak nglilir)  
apa isih ndadak mamerake perih  
nalika wektu prasapa marang curesing warih  
pijer ngrerepa ngarih-arih

apa isih ngaru-arun pengen bali  
nepusi kontale tali asih sing wus getas  
dipangan angin lan panas

lan aku wus nglenggana  
lelandhesan rasa eklas  
sing ora cinupet dening kanyatan

mungguh jembaring kalangan  
aku wis marem nyawang lintang

*(Kotabumi, 21 maret 2015)*

## **KEMBANG TURI**

*Dening : Dyah S*

*(Lingsir sore, ngronce impen semana kang ngawe-awe)*

Nglayung mecaki lurung kang lungit  
Krenteg anyawang grumbul semaya  
Dalan rumpil angrerujit  
Saiba katrem pang-pang semana  
Aclum ngadhep angen tumelung  
Adreng ngaras kembang turi  
Biyen godhong ijo ngrembuyung  
Lena ing mangsa gogrog mbrindhili

Surup anilap kaca pasuryan  
Trenyuh kekanthen njejuwing ati  
Candhik wus sumyur ing angenan  
Perih andulu petenging wengi

*(Kotabumi, 5 april 2015)*

## **KLUWUNG RAHINA**

*Dening: Dyah S*

pecak jangkah kekes rinasa  
bun tintrim ing plataran  
getun anyawang cathetan muspra  
ing esemu nimas dak abur angenan

luweng nadhi nitir pangrasa  
rumpeg ing dhadha nenutuh kapang  
ngegeter eling liring semana  
baya sarimbit bali ngegancang

ajeg lumaku nglangut ing rasa  
kelu nalika wanci bang wetan semburat  
sempoyangan nggendhong kluwung rahina  
natas tumlawung wurung kinemat

*(kotabumi, 06 agustus 2015)*

## KEDUWUNG

*Dening: Dyah S*

dak prangguli kekes punjere wengi  
ngrangin panjerite suling dumeling  
ing nglangut sepine lintang  
ndhedhet langit kang ora tau nyawang  
reroncene rembulan jembar kalangan

dak tintingi kidung tresna ngrembuyung  
aku kang ora tau bisa ajar kenal marang konang  
aku kang ora tau ngadhang angin kasmaran  
pawewehmu wingi  
o, nimas  
aku kang ora wani  
nyabrang kreteg impen kawuri  
: kerahinan  
kedhisikan sumorote surya  
kanyatan

(tapel wates sinengker wingit, ngungun anyawang  
klawune anggiti)

*(Kotabumi, 11 Agustus 2015)*





### **GANDRUNG SUKOWATI**

Asma aslinipun Nursidik.

Gubug mapan ing Perum Plumbungan Indah F166 Sragen.

Pengangguran saking ASKI 81 Jurusan Tari.

Naskah sastra (geguritan) dereng wonten, punapa malih  
ing kang nami Antologi.

Kula namung “Seneng ajar nggurit” kalanipun wonten  
kemliwere ukara, ndhumpyuki kahanan, kumlebate swara  
ati...

Gurit kula namung basa/tembung punapa wontenipun, Trah  
AREMA dereng saget basa alus, sinaosa sampun sauntawis  
gesang wonten tlatah Jawa Tengah.



## **“PAMIT LAN JANJIMU”**

*Dening : Gandrung Sukawati*

Tan kendat nggenku nyawang  
Kaya sliramu sing kumledang  
Solah-bawa lan piadhegmu ora ilang  
Iki apa bener...ora kleru nggonku nyawang  
Kaya tatit nyeblok dhadha agawe kaget  
Wewayangan kawuri reroncene laku  
Sing sawetara wektu wus ilang  
Jumedul nyeseg ngebaki ati  
Rikala semana...  
Aku lan sliramu isih isa lenggah jajar sesandhingan  
Ngenam rasa mersudi jumbuhe ati  
Tindhak sajangkah tansah gegandhengan  
Ora kena adoh apadene pepisahan

Tan rinasa netra kekembeng luh  
Tumetes hanelesi pipi  
Semedhot uga kelara-lara rasaku  
Rasa kelangan sing ora bisa ilang  
Nyata pangename rasa ora jumbuh karo kahanan  
Pamit lan janji mboklalekake  
Sliramu lunga ora bali

*#BhumiSukawati090220*

## **“Panyuwunku”**

*Dening : Gandrung Sukawati*

Aku pamit...

Lungaku mesthi bali

Iki janji dudu tutur lamis kembang lathi

Takaturke kekancing iki dimen ora lali

Ali-ali...

Aja mung sadherma ngubengi driji

Nanging uga bisa-a nggubet ati

Aku pamit...

Panyuwunku sing padha ati-ati

nJaga dhiri njaga ati

Aja mingro anilar janji

Urip sabaya mukti sabaya pati

*#bhumisukawati090220*

## **“ WIS WANCINE LINGSIR “**

*Dening: Gandrung Sukowati*

Iki wis wanci lingsir surya

Wis cukup anggonimu akekiprah sedina iki

Aja mung nuruti butuh ngumbar seneng

Ayo padha bali

Kae sentir lan teplok sing asat lengane padha diisi

Semana uga sumbu aja lali dithiliki

Sedhela maneh wanci maghrib  
Swara adzan pangajak tindhak sholat bakal keprungu  
Reresika tindhake wudlu  
Pasrahke bot ribete urip mring Gusti  
Syukur bage sesuk isih ana wektu  
Dene ora wis dadi bejamu

Urip mung mampir ngombe bebasane  
Ngendi papanmu aja nganti kleru  
Udinen tindhak becik  
Singkirana sing gawe tuna  
iku dadi sangu dina mangke  
Dina langgeng iku samestine

*keranganal@bhumisukawatiasri-kidungjanuari2016*

### **“LAKON KAPUPUS”**

*Dening: Gandrung Sukowati*

Ing tengahe wengi iki...  
Nalikane kabeh wis padha sirep kasikep daya rasa arip  
Isun mbik rika isa lungguh sapajagongan  
Linggih lelesehan sesendhen saka  
Sawuse suwe ora nate ketemu  
Kapisah adohe papan lan cupete wektu

Ing tengahe wengi iki...  
Diselakana dilalekna mangsa ilanga  
Ana crita antarane rika mbik aku wektu semana

Sing meksa kapupus jrone kahanan  
Lakon sauntara sing gawe rika lunga  
Nggawa tatu-lara tanpa tamba

Ing tengahe wengi iki...  
Sawise kapisah pirang-pirang rendheng  
Pirang-pirang mangsa ketiga  
Rika isih legan ora kersa krama  
Apa rika isih duka  
Nggawa tatu wektu semana

Ing tengahe wengi iki...  
Isun takon baya pola isun dimen rena ati rika  
Aja rika kendhel muwun ngumbar waspa  
Rika sawang isun iki  
Sejatine ana gela sing kasimpen jrone dada  
Langgeng nganti pecate nyawa

*keranganal@bhumisukawatiasri-kidungjanuari2016*

## **HAYWA SESUMBAR**

*Dening : Gandrung Sukowati*

Dakgembol rasa angkuh  
Snajan kawruh tan ngebaki kampuh  
Kaderenge panjurunge rasa  
Sapa rika...  
Sapa isun...

Ri bebondhotan isun terjang  
Jurang-jurang isun sabrang  
Sun sora hasesumbar  
Rawe-rawe dakrantas malang-nalang dakputung

Riwe tumetes hanelesi saranduning badan  
Tatu-tatu perih anyungging kulit  
Baya iki pitukone...  
Pucuk gunung wis kalakon isun rengkuh  
Sesawangan endah ngebaki pandulu  
Mega cedhak kaya bisa dakranggeh  
Angin semilir aparing sapa  
Wilujeng rawuh...  
Mugi sami rahayu...

Swara ati alus bebisik lirih  
Sepira sorane sesumbarira  
Sepira gedhene daya lan kwananira  
Aywa sesongar pungkasnya datan piguna  
Lir oncat linalosan pangwasane daya  
Luh anelesi pipi...  
Ana tangis jrone ati

*(keranganal17072014)*

## **SARWA SEMU**

*Dening : Gandrung Sukowati*

Apa bener...

Iki dalan sing ndak dina tak liwati

Apa bener...

Lurung iki sing ndak wengi tak pecaki

Yagene...

kaya ngene kahanane

Adoh saka rasa rumangsaku

Sing katon padhang jebul isih peteng

Sing katon alus jebul sih dha gronjalan

Apa bener...

Kahaman iki pasumpenan

Apa bener...

Kahaman iki kasunyatan

Yagene...

Ulat manis mboksebar

Weh pengarep-arep jumbuhing sedya

Lamun ta ing tembe

Sejatine mung samudana

*(keranganal22052014)*





### ***PINE WIYATNO***

Para kadang seniman sastra lan teater akrab kanti asma  
Mbah Pine.

Lair ing Sragen 3 Nopember 1961

Tansah ngudi lan ngesuhi ing olah kridhaning budaya  
mliginipun teater lan sastra ing Sragen.

Ing griyanipun laris sadean sekul tumpang lan trancam tahu  
tempe ayam kampung Mbah Pine...monggo pinarak



## **AYO MULIH**

*Dening : Mbah Pine Wiyatno*

Bapa...ibu...

Wis tak pecaki lurung-lurung suwung

Dak luru wingiting wengi

Nadyan kagubel tintrim rasaning ati

Kapati sepi kinaweden lawange ngaurip

Peteng ndhedhet lelimengan tan ana colok obor  
madhangi

Tan ana lungite aksara

Dak pecaki gisiking samodra

Kontrang kantring kagubel peteng mangungkung

Bapa...ibu...

Iki laku saweneh mung kanggo terusing pangimpen

Nalika dek wingi bengi panjenengan mapan sare kebak  
pengarep-arep

Bebantalan urubing tekad

Linambaran donga suci kang ginentha ing ati

Kinanten antebing kalbu minangka kembang lakuku

Bapa...ibu...

Aku bakal lumaku ngluru uribing bebrayan

Kang wengi iki sungkem nyecep asihing pangestu

Aku bakal jumangkah ngangkah raharjaning jiwa

Raharjaning raga

Lakon-lakon wis kelakon

Kabeh lakoning urip

Urip kang kebak lelakon kajumbuhake lakon sing kudu disandhang

Aku lan sliramu sakeloron iki kabeh mung kaya dene pedhut

Bisa obah lamun kagawa ngumbara angin suprandene kudu lila legawa

Ayo mulih...

Sujud mring sakabehing sesanggeman

Manawa kabeh bakal lewat lurung banget dawa

Mula atimu kang was sumelang

Mara selehna ing pangkonku

Atimu kang ringkih, mara tumpangna ing sukuku

Angin ing wengi iki alus angusap tresnaku

Aku mung pindha bantala rangka kang mung bisa wanti-wanti

Nganggo tumetesing embun katresnan muga bebrayanmu nganti entek ing jaman

Ayo mulih...

Delengen isih ana srengenge jumedhul, ayo padha lelumban ana ing bebrayan agung

Melu nyanthangi prahu satengahing samodra kabecikan.

*(Sukowati, 13 pebruari 2020)*

## WARISAN

*Dening : Mbah Pine Wiyatno*

Warisan iki gegemen  
Amarga aku ora betah  
Nyawang badhut-bsdhut kakehan tingkah  
Menangi prawan akeh mutah-mutah  
Kowe kabeh putuku kang gemrayah  
Kencengana iket lan kembenmu  
Iki jamane wis jaman bubrah  
Ora perlu kowe melu ngrayah  
Piweling pusakaning simbah  
Kowe kabeh aja kendhat ing panembah.

Tidhem lan jinem tanpa obah  
Kabeh putu kawetu ngresah  
Amarga ora kacongah  
Nampa piweling simbah  
Pinangka wasiat ngadhepi jaman owah

Marga ing epek-epek kiwa tumemplek aji sakethi  
Ing tangan tengen ginegem umbul kaprasetyan  
Ngglak ngungkung bendhe pematang  
Kanggo pangruwat  
Saka srakahing jajil laknat  
Kang kekudhung panguwasaning rakyat

Aku lan sliramu dudu turuning wong ningrat  
Aku lan sliramu waris rakyat

Padha-padha duwe hak lan martabat  
Ngemban sesanggeman  
Aku lan sliramu dudu turuning wong kumawasa  
Aku lan sliramu waris kawula  
Padha-padha duwe hak lan swara.

*(Sukowati, 12 pebruari 2020)*

## **PENDHAPA SERAMBI SUKOWATI**

*Dening : Mbah Pine Wiyatno*

Angin sore tumangsang ing wuwungan  
Ngetungi lakune pandom wektu  
Ngono isih ana kang golek paseksen  
Sapa sing bakal kagiles mangsa

Esuk pedhut anguk-anguk nglamuk  
Awan pedhute sengkleh sumeleh  
Sore pedhute wis kucem koncatan pamor  
Lan wengi pedhute kijenan

Kadhung kawiyak kedhok kamanungsane  
Tampanen iki pangerten  
Marga simpati sing kudu lumaku ing jaman saiki  
Ahh....  
Kabeh ginendam aji panglimunan  
Lintange wengi tumangsang ing langit  
Rembulan oncat nginggati nalika krungu pangrantame  
nafsu

Wiwit angin ngelus rambut  
Lingsir wengi mati  
Isih dawa roncene cerita  
Ing pendhapa serambi sukowati wis nate mekar  
Joko lan Kenya among tresna  
Wiwit esuk angin ngelus nganti puput  
Swarane kidung lawas sepi  
Kabeh wis mungkur

Ana kidung rumeksa ing wengi  
Teguh ayu luputa ing lara  
Luputa bilahi kabeh  
Jin setan datan purun  
Paneluhan tan ana wani  
Miwah panggawe ala  
Gunane wong luput  
Geni atemah tirta  
Maling adoh tan wani perak ing mami  
Guna duduk pan sirna.

*(Sukowati, 14 pebruari 2020)*



### ***RUDYASO FEBRIADHI***

Lair wonten Kab Ponorogo tahun 1981.  
Samenika manggen wonten Kab. Karanganyar.  
Tansah ngudi ing kabudayan mliginipun sastra lan teater.

### **MENYANG ENDI MENEH?**

*Dening: Rudyaso Febriadhi*

Yen amung nuruti kekarepan

Ora bakal ana enteke sasuwene wektu saka awan mbalik  
awan

Saka wengi mbalik wengi

Yen amung nuruti pengen

Ora bakal ana enteke menawa dikuras isi sajroning pikir  
klawan batin

saiki pengen iki, mengko pengen kuwi  
dina iki pengen kae, sesuk pengen sing sijine  
dina iki pengen desa sakisine, sesuk pengen negara  
sakkukupane

Alam padhang.....

papan kanggo ngangsu kawruh, papan pasinaon lan  
pamulangan, papan golek sangu lan kapinteran, papan  
nggulawenthah kabecikan

ora amung papan kanggo nuruti pepengen lan  
gegayuhan

Kamangka....

Alam donya dudu papan kanggo mulih kang sejati

Nanging amung papan ampirane raga kanggo nunut urip  
lan nunut mati

Bali mulih kang sejati amung ana ing ngarsane Gusti

Arep menyang endi meneh?

Arep ngaturke apa meneh?

Sakliyane bali ana ing alam langgeng, ngaturke  
kabecikan lan luhuring budhi

.....marang Gusti Kang Maha Suci.....

*Januari 2020*



### **SAHID TEGUH WIDODO**

Ngasta wonten UNS Surakarta.

lair ing Grobogan, 1970. Donyaning sastra kaudi wiwit bangku sekolah SD, SMP, dan SMA Purwodadi. Tahun 1988 Nglajengaken kuliah ing Jurusan Sastra Daerah FS-UNS. Tahun 1989 Ngastani adheging Kethoprak Wiswakarman lan ngesuhi ngantos samenika.

Gelar Master dipun rampungaken ing UNS lan kasil pikantuk gelar Doktor Falsafah (Ph.D) dari Universiti Utara Malaysia (2010). Tahun 2014 gelar Professor Ethnolinguistik bidang Onomastik Ing UNS.

Mboten kathah seratan geguritan ingkang kaanggit nanging tansah niti priksa bab kemajengan kasusasastran mliginipun sastra jawi. Buku ingkang sampun kaserat antawisipun : Tembang Dolanan Anak (2013), Puisi Jawa Kontemporer (2014),

Metode Penelitian Sastra (2016).

Buku-buku sanesipun ingkang ugi kaserat, magepokan kalian medallion candi, batik-kimono, kajian Serat Centhini, lsp. Ngasta kuliah bab : Pengkajian Puisi Jawa di Fakultas Ilmu Budaya UNS.



## **AKU, JAWA**

*Dening: Sahid Hadinagara*

Iki dudu kojah sepira jeroning wengi tintrim  
Tresna karujit kadya pang-pang tanpa galih  
Jeriting rasa kapang ngumbara kaplantrang  
Ngemba wayang najan amung saklebatan  
Kekejer sajroning tapihmu, Mbok!

Iki kojah jaman sing kelangan jejer  
Kahanan tanpa kodrat uwal saka lakuning batin  
Pribadi tanpa lelayangan lumpuh dheku-dheku  
Brayat tanpa rangkah ndhedher pitakon  
Kepriye anggonira ngukir urip ing tembe?  
Kasunyatane isih adoh saka pengangen

Aku, Jawa jatining pancer mancapat  
Hyun kang bisa ngudhari kawruh kasampurnan  
Ndunungke jasad, akal, lan nafsu ing kayun, nuntun  
Baraya ageng-alit nyawiji siji ing sir suksma  
: nut lakulair imbaning uler Jedhung kang titis ing pati  
nut lakubatin nyurasa sasmita lan tengara  
nut lakubrata manembah ing Sang Khalik

Ing kedhung panguripan aku, Jawa meneges  
Pasrah sumarah nlesih tapaking karahayon  
Ketimbang milih ngedan lamun bisa keduman

Daya dinayan, mad sinamadan, holobis winaris  
: laku dadi dayaning badan  
laku dadi jantraning kawaskithan  
laku dadi wirasaning hurip nyawiji Gusti

Aku, Jawa nanting karsa mangku budi  
Nglempengake udheng mendhung lelimeng  
Kang taksah sinubya minangka aji sakti  
Njarwani tembung anyar kang uwal binledik  
Ndhudhah ngelmu wedharaning budya luhung  
Kang sinandhi Jawa ilang Jawane

*Kebalen, Januari 2020*





## **SUMINA**

Nami jangkep Sumina, S.IP, MH.  
kelairan Klaten, 12 Desember 1963.  
Samenika manggen wonten ing Jl. Jayawijaya VI/06,  
Rt.03 Rw.24, Perumnas Mojosongo, Surakarta.  
Taun 2020 kapitados pinangka Kepala Taman Budaya Jawa  
Tengah wonten ing Surakarta.

## **GURIT KASUNYATAN**

*Dening: Sumina*

Kasunyatan ....nyata lan kasat mata,  
Nyata iku, tan ngaya – wara  
Lelandhesan nalar sinawung rasa,  
Kasat mata ... cetha ing pandulu,tan samar patraping  
laku,  
Kasunyatan, tansah ngenut ubenging jagad lan  
jantraning kodrat,  
Datan owah gingsir marang pangothak-athiking pikir,  
Kasunyatan aweh sasmita, dununging sangkan-paran,  
Asung tengara, kekuwataning ukum alam “ Sang Causa  
Prima “  
WEh piyandel marang manungsa kang bakal kuwasa  
ngrengkuh ...  
Jagad gedhe - jagad cilik,  
Manjing panunggalan,  
Bali mring alaming suwung,  
Bali mring mula- mulanira.  
RAHAYU SAGUNG DUMADI .... RAHAYU BAWANA  
LANGGENG

*Siti Brit, 29 September 2019.*

## **GURIT SAPU GERANG**

*Dening: Sumina*

*(Edisi kelingan Biyung, nalika arep numpak montor mabur)*

Biyung .... Swara jago kluruk wis sesautan,

Padatan uga keprungu swara srag ... sreg ... srag ... sreg .....

Biyungku wis wiwit ngobahake Sapu Gerang mubeng tapis  
plataran lan kebon,

Nyingkirake uwuh lan rereged,

Resik kahanane ... byar padhang ...

Mbarengi mletheKing srengenge Sang Bagaskara  
sumambirat ..

Biyung nate ngendika : Sapu Gerang iki suka sasmita ...

Ngumpuling sada kang kinuwatake suh kang sentosa ...

Kuwagang mbengkas rereged lan memala,

Nanging ..... menawa sada mau ambyar, uwal lan ucul saka  
suhe ...

Mesthi bakal ringkih – nglengkara , nglumpruk tanpa daya  
...

BIYUNG .....

Apa bener Sapu Gerang iku pasemone GUYUB-RUKUN ???

Biyungku manthuk-manthuk karo mbenakke susure ...

Anteb ngendikane ...

GOTONG-ROYONG .....

*Siti Brit, Jakarta 9 Oktober 2019.*

## **GURIT KABUDAYAN**

*Dening: Sumina*

*(Sinambi kalaning sepi .... Edisi nginep hotel)*

Greget, gumregah, golong-gilig kang ginayuh,  
Pancasila kababar, kaweca cetha jroning pranatan  
agung,  
Ngemu surasa lan lekas kang luhur, ndhudhah mutiara  
bangsa kang misuwur,  
Budaya, woh pangolahing budi, kang mbabar  
kaendahan lan kutaman,  
Endah dening olah kridhaning seni,  
Utama linairake lelantaran budi pekerti,  
PITAKONKU ???  
Baya kuwawa, budaya iki mbedhah kandelung  
panguwasa kang sinandhangan doktrin samawi?  
Baya kuwagang budaya iki,mbendung mbaludaking  
teknologi???  
Apa iya tunas mudha milineal samengko bias bali kaya  
duk ing uni???  
Baya kapan budaya iki bisa nyawiji mring dhiri –  
pribadi???  
Pepuntone ... durung ana wangsulane ,  
Anane mung pambudidaya  
... MBUH KAPAN KELAKONE .... He .. he ..he ..

*Siti Brit, Jakarta 9 Oktober 2019.*



***SONJAYA HARTONO***

Sakmenika lenggah ing Wonosobo Jawa Tengah.  
Seratan geguritanipun asring mawi asma sesinglon  
Paimo Dobleh.

Aktif ing ORARI / RAPI Wonosobo.  
Pandemen Sastra mliginipun sastra Jawi.  
Asring nyerat geguritan lan puisi.



## **MIYAKI DALAN WINGIT**

*Dening : Sonjaya Hartono*

Japa mantra karapal kanti ati wening  
Banyu tuk pitu nglarung sesuker kang tumempel badhan  
wadhag  
Sesuci raga lan rasa  
Kanggo ngusir jim setan preri prayangan ilu-lu banaspati  
Kang mblayang ing sawernaning papan  
Iblis jajalaknat kang ora tau tobat  
Cumondhok tanpa sangga runggi  
Nginceng kalodangan kang mirunggan  
Sak wayah-wayah cumondhok ing kantor, pabrik, proyek  
Nlusup ing sela-selaning imane kawula  
Lanang wadon, prawan jaka, sugih mlarat, pejabat  
penjahat, kyai gali  
Tanpa tedheng aling-aling  
Tanpa sih kawelasan wengis lan kejem  
Jimat kemat kang karapal  
Kanthi nggegem wiji tasbih  
Kanggo nengeri sumarahing  
Ati lan lathi  
Kanggo tumuju dalan wingit kang siji.

*Pereng sumbing 29072013, Paimo Dobleh*

## **PELOG APA SLENDRO = BLERO**

Dening : Sonjaya Hartono

Apa kowe wis ngrasake merdheka le  
Geneya kowe jejogedan ing prapatan  
Kowe ngukupi panase bagaskara  
Nggelar jagad mekemul mega  
Luhmu kang kok simpen  
wutahna  
Dimen kowe lega  
Kaya legawane kang yasa bumi Nuswantara iki  
Cukup donga kang tulus  
Merga akeh paesan kang wis lungse  
Kegiles gedhong magrong-magrong papane para cukong  
Bonang tanpa laras kemlontang  
Pelog apa slendro  
Keprungu blero  
Aja kok ogreh-ogreh paesane kang sumare  
Merga lumakuning jaman tumiba ing awakmu  
Kowe wis melu necep isining kamardhikan  
Ing prapatan kowe isa njola sak polahmu  
Tanpa sangga runggi  
Yen bonang isa gawe urip  
Reksanen bonangmu  
Supaya kowe luwih mardhika  
Tanpa gumanthung marang liya.

*Pereng Sumbing 06082013*

*Paimo Dobleh*

## **IMPENE LIK PAIMO LAN YU GINAH 2014**

*Dening : Sonjaya Hartono*

Wis ta le mbok rasah lelumeran  
Jaragan kowe ki ra dianggep  
Sapa ta kowe ki  
Rak ya mung paimo dobleh  
Kowe ki pidak pedarakan  
Bapakmu yen esuk golek beling  
Yen sore adol sega kucing  
Kok ndadak ngimpi nggayuh lintang ngukup mega  
Coba ngiloa ing crowokan kulon barongan pring kae  
Rupamu rak yo mung saemper topeng getil ta  
Gek ambumu lemi lan lendut  
Geneya neka-neka  
Wis punthesen impenmu  
Becik golek padasan  
Nyangking pacul manggul luku  
Rasah ika iku.

Olah mbok mbok kok le tega men ta  
Sangang sasi kok kandhut  
Mbun-mbunanku kok pupuki ben encer nalarku  
Ngurut galengan ngindit klenting nyangking gonje golek banyu  
Kanggo ngresiki awaku  
Mbareng gede kok disempolehi gegayuhanku  
Nadyan pawitanku adol uwuh rakyat becik ngangsu kawruh

Sapa ngerti wingka malih kencana  
Aku ra ngarep-arep pewehing liyan mbok  
Nadyan gaweanmu nggendhong tenggok  
Banyu susumu isih putih merga direwangi ngelih  
Yo bener awaku kuru aking nanging nalarku isih wening  
Panyawangku isih ceta endi sapi endi babi  
Aku lega lila  
Nggayuh lintang lan mega  
Ancik-ancik andha kuwi kurang prayoga  
Aku mung wong cilik isane nggayuh sawo kecik  
Dongamu wae yo mbok suk taun ngarep isa gawe becik  
Makarya kanggo ngabekti tanpa pituas bulu bekti  
Eling na ya mbok aku ish utang  
Utangku marang bumi pertiwi durung dak lunasi.

*Pereng Sumbing, 1-1-2014*

## **GURIT BOCAH**

*Dening : Sonjaya Hartono*

Bocah-bocah iki lagi ngukir sejarah  
Ngudhari nasipe dhewe-dhewe  
Ing emper toko  
Ing lampu bang jo  
Ing terminal pondhok lan pawiyatan

Bocah-bocah iki lagi sinau  
Ngrakit crita ngeja kahanan

Kang durung pana  
Ngungak garising pepesthen kang tumiba  
Nganggo panemune dhewe-dhewe

Bocah-bocah iki lagi gladhen  
Gedhe merga kahanan urip kekemul mega  
Digulawentah dening rembulan lan bagas kara  
Lelayaran ing pait getiring urip tanpa baita  
Siping laku bakal nyawisake neraka uga kaswargan

sapa kang gelem nempilke kamulyan  
Tangan-tangan putih kumlawe  
Kebak pengarep-arep  
Bocah-bocah iku butuh dununge urip  
Kanggo ngiseni sejarah.

*Permg Sumbing September 2001*

## **LAYANG SWARA**

*Dening : Sonjaya Hartono*

Pasar papan kanggo dol tinuku  
Pasar ndesa uga ngraketake paseduluran  
Apem, cucur, tempe kemul nganti mabako susur  
Sumadya kanthi prasaja  
Sinambi nyang-nyangan ngrumpi  
Bab reregan kang ora karuan dalam kang akeh jugangan  
Nganti bab politik , korupsi .  
Saiki pasar-pasar mau wis kagusur karo swalayan

Nyangga pincuk thethenguk ing cakruk  
Babagan ngene iki wis angel tinemu  
Merga kabeh wis sarwa instan  
Mula yen da antri malah rebutan  
Ora maelu suba sita lan kaslametan  
Kang baku kekarepane keturutan

Jaman semana  
Layang tanpa swara  
Swara tanpa layang  
Majune jaman ana layang swara  
Kang payu didol mayuta-yuta  
Rebutan suara ra eling tangga  
Gedhe cilik butarepan  
Golek sandahang pangan jempalikan  
Tuku swara kanggo ngumbar kamurkan  
Lali marang tatanan  
Nadyan bui kanggo totohan.

Lik paimo leyehe-leyeh nglinting mbako semprul  
Yu ginah nyangga gembreng isi bunthil karo thiwul  
Grenengane sakloron  
suk yen swarane ra payu njur piye mbokne  
ning yen swarane payu pora golek sembulih to pakne.  
yu ginah misuh-misuh  
lik paimo wis ngorok swarane klokor klokor  
Kaya umyege wong golek layang swara.

*Lik Paimo Dobleh*  
*Pereng sumbing 2012*

## **DEMANG TOGOG**

*Dening : Sonjaya Hartono*

Demang Togog demang Togog  
Mbegegeg logog-logog

Gawe gendra ngumbar angkara  
Ngusung umbul-umbul menthang gendewa  
Numpak kreta ngirit wadyabala  
Tan nyaruwe Jeriting kawula

Nyawang ombyaking kahanan ati kaya rontog  
Iki wayah apa  
Genea nora petung wayah  
Nguja boga ting kecapah  
Kudhung sarung macak ratu nora genah  
Soroh raga soroh bandho ngumbar nafsu aluamah

Demang Togog kadhang dewa  
Ngulandara ngoyak teja salah mangsa  
Nguntal gunung nyangking bagaskara  
Nyamudhana langlang jagad mubeng ndesa

Togok Tejamurti  
Laku nyamudhana tapa ngrame memper ati  
Gilig karep ngenut ilining kali  
Nyadhong pepethen kagungane gusti  
Tejamurti nguntal wohing pakarti  
Srakah aluamah njaring mega nawu jaladri  
Lamis manis tanpa ati  
Numpak kreta nebak jaja iki Togog Tejamurti

*Pereng Sumbing, 041225*



## ***SRINING***

Ingkang dipun dalemi wonten ing Jakarta.  
Lulusan Sastra Jawa UNS Surakarta.  
Tasih asring hanganggit geguritan

## **DUDU BANDHAMU**

*Dening: Sringing*

Sedyaning ati mlipir-mlipir  
Golek dalan turut pinggir  
Merga ana tengah kaline banjir  
Kena bilahine melu kентir

Ing pangajab golek barang becik  
Sanadyan olehe mung sethithik



Maksih wae akeh wong serik  
Ati kok wujud burik?

Ora ngono apa ta pikolehe  
Dudu tegal lan sawahmu  
Bandhane mbahmu ya dudu  
Kabeh mau mung saderma nyilih

Raupana atimu...  
Ben ketok padhang ing pandulu  
Mripat mentheleng kok ra weruh?!  
Kuping njepiping kok budheg?!

Aku kowe lan sapa wae  
Mbuh sesuk apa mengko sore  
Bakale mati ora urip maneh  
Bandhane dipek sing urip

Aja nemen-nemen yen ngugemi  
Samubarang sing wujud kadonyan  
Mati ora bakal digawakne  
Sebab yo eman ta?!

*1/9/2015*

## **SEPI**

*Dening: Sringing*

Dak sawang saka papanku  
Temlawung polatanmu  
Ngemu panandhang kang abot  
Kijenan lan kesepen  
Polatanmu kosong mlompong

Atimu suwung..  
Atimu iku ya omahmu  
Sing adoh saka papan ngendi wae  
Omahmu peteng ndhedhet lelimengan  
Tanpa cahya

Kamangka sliramu ora bisa  
Gawe padhang sarana dimare tanggamu  
Uga ora bisa ngiseni kosonge omahmu  
Sarana prabotane tanggamu

Ananging pancen kudu mangkono  
Sepi lan kosong iku pralampita  
Bisane sliramu tekan ana papan kene  
Papan kanggo ngudhal rasa  
Kanggo ngiseni omahmu

*Minoh, 1482015*

## LAYUNG

*Dening : Sringing*

Kawiwitan mendhung angendhanu  
Katungka tekane udan deres  
Kaworan angin gedhe  
Binarung swarane thathit  
Pating jaledher  
Polahe gegodhongan kaya dene  
Punakawan nedhenge jejogedan

Ati iki saya suwe saya cilik  
Kalindhah rasa was sumelang  
Rasa wedi kang tan tinemu nalar  
Wedi marang wewayangan...  
Genah ora cetha wujud  
Mahanani samsaya atis  
Sanadyan ing mangsa ketiga

Tumlawung lelakon kawuri  
Ora niat ora njarak  
Nyatane padha dene karepe  
Saguhmu marang aku  
Sasat ora ana cacate  
Madhep manteb datan gawe kuciwa

Tibane ndata kang kacathet  
Ana layang kintaka  
Ora liya amung suwala

Alesane wis kuna  
Amarga kahanan ...  
Kahanan sing kepiye?  
Kahanan iku manut kepiye lakune

Niatmu pancen wis slenca  
Kabeh mung tiba ana ukara

Udane samsaya gedhe  
Banjir bandhang jroning ati  
Ngentirake kabeh panjangka

Eloking kahanan marga  
Ana sing Kuwasa  
Madhege udan  
Gumanti sumilaking mega mendhung  
Cumlorot endahing layung  
Sumarahku marang Gusti  
Kasembadan panyuwunku

Ora dak getuni barang kang ilang  
Embane memala kang kebak wisa

*Tgr, 25/5/2015*

## **PESTHI**

*Dening : Srining*

Pesthi kang kaesti  
Banget agawe bungahing ati  
Kaya dene nenandur awoh mbriyut  
Jumbuh kalawan pangangen-angen

Umpama pangestiku tumrap sliramu  
Tinemune pancen dadi pesthiku  
Tegese kasunyatan trep kalawan gegayuhan

Kosok baline,  
Sanadyan dak esti rina lan wengi  
Yen ta dudu pesthiku  
Mesthine aku kudu legawa

Nanging kepriye mesthekake  
Yen ta sliramu iku pesthiku?  
Iku kabeh kudu dipesthekake  
Sarana rembug kang mesthi

Yogene sliramu mesthi nesu  
Yen nyatane dudu awake dhewe  
Sing gawe pepesthen  
Luwih becik sabar lan mangesti

*Solo, senen 16 maret 2015*

## **CANCUT TALI WANDA**

*Dening : Sringing*

Gumolonging tekad nyawijekake kapti

Gumregah gra jumangkah

Ngukir pikir ngolah rasa

Ngeningke cipta hamengku puja

Ora kudu nggurit nelangsa

Jamane saiki wis padha mulya

Tatag titis tatas dadya sesantinya

Ngadeg jejeg pindha cagaking palwa

Mandeng mentheleng ngadhepi kang nyata

Ora perlu atetangis kaya wong papa

Ora perlu sedhah kaya wong cintraka

Melek seka pasumpena

Gegancangan nebahi klasa

Mberat sakehing memala

Miyak korining rasa

Ambuncang sawernaning dhuhkita

*(20/1/2015)*





***SUPRI CANTRIK NDESA***

(nami sesinglon saking Supriyadi)

Alamat Griya: Jl. Kenari no. 48 Perum Bumi Graha Indah,  
Jaten, Karanganyar

Alamat Tinggal: Kebosungu 2, RT 03 Desa Dlingo, Kec. Dlingo,  
Kab. Bantul DIY.

Gladhi gurit nembe warsa 2015, gurit lajeng kaklempakaken  
dados Antologi Geguritan. Karya tunggal: 1. Suluk Saloka Jiwa.  
2. Kumbang Ngidham Sari

Ndherek giri patembaya nyerat gurit ing Kundha Kabudayan  
(Disbud DIY)

Ugi ndherek gladhi nyerat ing Kalawarti Djoko Lodang,  
Majalah Sempulur, ugi Jawacana.



## **JATIMULYA**

*Dening: supricantrikndesa*

Jangkah iki tansah lumaku  
Ing peteng nggembulenge dalu  
Nggolek pepajar ing jagad kang sarwa samar  
Cahya nur cahya  
Kang bisa madhangi petenge jiwa ngumbara  
Laku iki kebak panodhi  
Ing dalan—dalan kang kebak krikil lan eri  
Tansah tak cadhong sapangatmu Njeng Nabi  
Kanggo masuh sewu letheGING pakarti  
Napsu—napsu tansah mgreridhu  
Kanthi pepinginan kang kebak semu  
Setan angen—angen kang gawe kangen  
Nyebratake tresna ngumbara ing swarga jamal lan  
kamale Hyang Wisesa  
Dhuh Gusti ingkang kagungan wijining tresna  
Ing pundi gisiking wilasa  
Saha jumleguring asih paduka kang nebah dhadha  
Mbukak korining jatimulya.

*Omah Joglo Pojok Desa, 25 Sept 2018*

## **SAMODRA MINANG KALBU**

*Dening : Supricantrikdesa*

Ngligå råså,  
Mangun jiwa,  
Angaras wanginé kêmbang,  
Ing taman ratri sêpi rowang,  
Dak gurit kidung wêngi,  
Binarung jumlêguré sêgârå ati,  
Dak wacå sakéhing tåndhå,  
Kang gumêlar ing jagad râyå,

Tidhêm pêrmanêm,  
Sêngsêm ambujung ayêm,  
Sêsotyå mãwå retnå,  
Linali tan biså onyå,

Ing ngêndi Susuhé angin,  
Lan isiné bumbung wungwang,  
Amék banyu apikulan warih,  
Ing ngêndi bakal daksuprih,

Tirtå pawitrå,  
Pangruwating durhangkârå,  
Tirtå husådå,  
Panglêburé sakéh mãlå.

*jaten, September 2016*

## TAN HANA DARMA MANGROWA

*Dening : supricahdesa*

Kabeh dhasare pitaya  
Upacara tata cara  
Saringate beda—beda  
Kaya dene dalanku lan dalammu  
Seje lakon lan panemu  
Bener iku ing pambudi  
Wondene pener iku sajroning ati  
Aja mung mandhek ing bener  
Sebab ora ana bebener kang nora pener  
Sapa rumangsa bener bakal keseser  
Sapa rumangsa salah andhedher hikmah  
Beda—beda iku njaba  
Ing njero tartamtu padha  
Manungsa angrasa marganing jalma  
Trusing rasa ambuka tunggal  
Manunggaling beda: ing rasa  
Manunggaling cipta:  
Ing rasa  
Manunggaling karsa:  
Ing rasa  
Rasa prasaja tanpa pangentha  
Rasa walaka tanpa culika  
Rasa rumangsa mung saderma  
Pindha wayang ing jagad purwa.  
Bandha amung titipan  
Pangkat amung sampiran  
Nyawa amung gadhuan  
Kabeh iki dudu kejaba iya

Iya iku kang nyata  
Lahir lan batine  
Njaba lan njerone  
Meneng lan mosike  
Eningna  
Supaya bisa tanggap ing sasmita  
Enengna  
Supaya bisa tumanggep ing pralampita  
Dunung dumunung  
Melik  
Melek banjur melok  
Warana sirep  
Kang Nyata mlaha  
Blaka tanpa weweka.

*Ngayogyakarta, De Laxston Hotel, 30 Okt 2018*

## **SUMELEH ING RASA**

*Dening : Supricantrikdesa*

Jeng...  
Gurit iki sansaya lungit  
Sangsaya angel anggonku nganggit  
Ora mung nata ukara blaka  
Nanging ginelar ing urip kang nyata  
Sabèn jangkah dadi ukara  
Sabèn lakon dadi gatra  
Ngemban jejibahan ing madya pada  
Luru kamulyan ing alam baka  
Jeng

Apa bener yen ati iki  
tansah sumarah mring Purbaning Gusti  
Apa malah polah angresah  
Kelimput pikiran susah  
Jeng  
Jiwa ina iki nglenggana  
Lamun isih lelumban segara dosa  
Senajan ngetog sakehing daya  
Uwal saka laku duraka  
Nyatane abot rasane rasa  
Pungkasan mung kudu jawa  
: Gusti, mung mring paduka  
sumelehing rasa  
Aku, sliramu kudu rumangsa.

*Jatimulyo, Omah Joglo, 9 Agustus 2018*

## **PUSTAKA WIJAYA**

*Dening : Supricantrikdesa*

Mbukak kaca anyar,  
Ing tumpukane pustaka wijaya,  
Dak bunderi irah—irahane,  
Kanggo pepeling tembe mburine,  
Sabèn laku dadi lakon,  
Sabèn catur dadi pitutur,  
Sabèn crita dadi wedha,  
Laku,  
lakon,  
lelabuhan,  
Lila,

Lilih,  
Leleh,  
Lebur,  
Leladi luk—lukane lelakon.  
*Sapi nggiring Alas...*

*3 Des 2017*

### **LURU UPA**

*Dening : Supricantrikdesa*

Rikålå suryå wus gumléwang,  
Manuk bèthèt bèr ibêran wus manjing pang pang  
ranggas,  
Åpå sliramu isih mântålå nyêblakké jålå luru minå,  
Jajah segårå  
Nganglang bawånå,  
Upå oh upå,  
Barang saupil nguras têngå,  
Lamun ublik wus mêlik-mêlik,  
Lintang wus katon gumawang,  
Åpå sliramu bakal bacutké pangangkah,  
Kamångkå wus kinêpung lésus pinusus,  
Ing wayah pêtêng jênggêrêng,  
Bêcik énggallå bali,  
Mulih malih maring mulå mulanirå,  
Mêruhi marang kang momong.

*Jatén, 6 sept 2016*





### **UDIARTI**

penari ingkang lair ing kidul.

Remen Geguritan

### **Sakndhuwure Wuwungan Omahmu**

*Dening: Udiarti*

Apa sliramu, kang nyeret koper seka njero sirahku?

Nalika durung thukul kuku-kuku ning drijiku.

Nalika jendhela wus ora dadi lawang kanggo mlebone suaramu.

Klambi-klambi pating slebar ing plataran.

Apa sliramu, kang negor wit-uwitan ning njero dhadhaku?

Nalika irungku durung bisa ngisep kebul dupa ning njero lemarimu.

Nalika kursi wus ora dadi dhipane impen-impenmu.

Sega-sega nglumpuk grombol dirubung semut.

Apa sliramu, kang ngobong kembang-kembang mekar saknjrone mripatku?



Nalika sikilku durung dituwuhi wektu.  
Nalika gelas wus ora bisa ngelingake jaman cilikanmu.  
Buku-buku padha mabur sumribit ngoyak suryanmu.

Ana ing samak tanggalan kuwi  
Aku nyathet anggone rambutku thukul ning lawang kamarmu.  
Banjur aku lunga nggawa teh sing kokgawe.  
Mlayu adoh, menyang ramene rina lan wengi.  
Muter ana ing njero buku kang kebak tulisan jeneng-jenengku.

Saiki, nalika jenengku wus entek nganti kaca pungkasan  
Aku kepengin mlebu sakjrone koper sing kokjupuk seka sirahku.  
Dadi wit-wit kang thukul ing dhadhamu

Mawujud kembang-kembang kang mekar, ana ing sakndhuwure  
wuwungan omahmu.

*Udiarti, penari kang lahir ing Gunung Kidul.*



Diterbitkan oleh:  
**TAMAN BUDAYA JAWA TENGAH**  
Surakarta, 2020

Maturnuwun dhumateng:

Bambang A ER TE, Bambang Hermanto, Bintang Kalijaga, Biyung  
Amie, Cindhe Laras, Dedek Witranto, Dyah S, Gandrung  
Sukowati, Pine Wiyatno, Rudyaso Febriadhi, Sahid Teguh Widodo,  
Sumina, Sonjaya Hartono, Sringing, Supri Cantrik Ndesa, Udiarti

Agunging panuwun ugi konjuk dhumateng:

Endang Sedhep (Bali Ndesa Resto), Ki Manteb Sudarsono,  
Mitra TeBeJeTe Surakarta

---

*( Hanya Untuk Kalangan Sendiri )*